


# SIY LAN

 . . . lekti Pawòl la. Pou sèvis final la, rezon ki fè m te mande nou pou n kanpe . . . Lè y ap jwe *The Star-Spangled Banner*, nou kanpe. Se pa sa? [Kongregasyon an di: “Wi.”—Editè a.] Alò pouki pa pou Pawòl Bondye a? Se yon respè. Kounye a nan Liv Egzòd la, chapit 12 la, kòmanse ak vèsè 12 la, mwen swete li yon pòsyon nan Lekriti, vèsè 12 ak 13.

*Jou lannwit sa a, m ap pase nan tout peyi Lejip la—la, m ap touye . . .premye pitit gason ak tout premye pitit bèt yo ki nan peyi a . . . m ap fè jijman: Se mwen menm ki Seyè a.*

*San nou pase sou pòt yo va sèvi siy pou kay kote nou ye a. Lè m a wè san an, m a pase anwo nou. Konsa, lè m ap frape peyi Lejip la, chatiman an p ap tonbe sou nou tou.*

2    Sijè mwen an se: *Siy Lan*.

3    Annou bese tèt nou kounye a. Epi nan silans Li nan moman sakre sa, anvan n apwoche Li nan lapriyè, èske gen yon demann ke w ta renmen pou Bondye reponn apremidi a? Jis leve men w anlè si w genyen, epi reflechi nan kè w kisa ou vle L fè. Nenpòt kote nan bilding lan, jis panse a sa w vle L fè.

4    Papa nou ki nan Syèl la, Ou se Bondye ki pa chanje a, e nou priye ke Ou va reponn priyè nou yo, apre midi sa, pandan—pandan nou leve men nou. Epi Ou remake ke men m yo leve, tou. E demann mwen an, m ap fè yo konnen l piblikman, se ke, Seyè, ke Ou va geri tout moun ki anndan la jodi a, sove tout sila yo ki pèdi. Bon, Ou di: “Si w mande Papa a nenpòt bagay, nan Non Mwen, M ap fè l.” Kounye a, Seyè, ede nou ansanm pou n kwè tankou yon blòk moun, timoun ki kwè. Pale atravè Pawòl Ou, Seyè. Pawòl Ou se Verite. Beni kè nou.

5    Nou di W mèsì pou reyinyon sa. Nou di W mèsì pou Frè Grant, ak pou tout travayè l yo, ak tout legliz yo ak moun yo. E pou tout sa Ou te fè pou nou, Seyè, nou rekonesan anvè Ou. Papa, ka gen anpil nan nou isit la ki p ap janm wè youn lòt ankò kounye a, jiskaske nou wè sou lòt bò a. Sa ka dènye sèvis kote nou pral chita ansanm sou tè sa a. Ke Sentespri a vini epi beni nou ansanm, sèvi nou sa nou bezwen yo. Nan Non Jezi nou priye. Amèn.

Nou mèt chita.

6    Mwen gen yon ti blòknòt an papye isi a, mwen ekri kèk Ekriti ak ti bagay. Anvan m te ka sonje l nan lespri m, men m fèk pase vennsenk, ou konnen, sa se, dezyèm fwa a. E alò mwen pa sonje

jan m te konn abitye fè l, e tèlman gen anpil moun nan reyinyon yo ak bagay, ak anpil bagay pou fè.

7 Siyè nou apremidi a se: *Siy lan*. Sèn nou an louvri nan peyi Lejip. Se yon gwo imaj isi a kounye a, mwen vle nou tout wè l epi pou n jis gen respè otan nou kapab. Lejip se plas sèn lan, e tan sèn lan se jis nan kòmansman egzòd la.

8 E, kounye a, se yon tip pou jodi a, ke yo montre, kòm n ap fè fas a yon lòt egzòd tou. Bondye k ap fè Izrayèl soti nan peyi Lejip, pou al nan tè pwomès la, se te yon tip Kris ki te fè Lepouz la soti nan legliz la, pou al nan Tè pwomès la. Nou nan yon lòt egzòd. Kounye a si n ap etidye Lekriti, nou jis gen tan pou n manyen pwen ki enpòtan yo nan sa, se vre. Nou se. . . Menm jan Bondye te fè yon nasyon soti nan yon nasyon, Bondye va fè Lepouz la soti nan yon legliz. Yo pral rele Lepouz la soti nan tout legliz yo. Se li ki va eli Bondye a, y ap fè L soti. E nou bò kote egzòd sa kounye a menm, paske nou gen tout prèv selon Lekriti ke nou kanpe la. Kounye a, mwen konnen sa te di anpil fwa, men, zanmi m, yon fwa li pral di pou dènye fwa. Tan an pral fonn nan Letènite lè sa a. L ap vin pran yon Epouz nan yon legliz.

9 Siy lan se te bagay ki te fè diferans lan ant Lejip ak Izrayèl, de nasyon yo. Yo tout se te èt imen, men tout te sa Bondye kreye, tout te zèv men Bondye, men, diferans lan lè pèn lanmò a te pase, diferans lan ant lavi ak lanmò se te siy lan.

10 E se konsa l ap ye nan vini Pitit Bondye a, lè Li fè Lepouz la soti nan legliz la, diferans lan pral Siy lan. Kounye a, koute byen apre midi a, epi wè si se pa vre. Siy lan pral diferans lan. Dwe gen yon diferans.

11 Bondye pral jije mond lan, yon jou. Si m te mande moun Katolik yo: “Pa kiyès Li pral jije, pa kisa Li pral jije mond lan?” Yo tap di: “Legliz la.” Ki legliz? “Legliz Katolik.” Ki legliz Katolik? Gen plizyè nan yo. Metodis yo tap di: “Pa legliz Metodis la,” alò Batis yo pa ladan l. Alò, si w jije l pa legliz Batis la, tout rès yo pa ladan l. Pannkotis yo va di: “Pa legliz Pannkot la,” alò rès yo pa ladan l. Ou wè, t ap gen konfizyon, twòp konfizyon, twòp konfizyon pou lespri a, pou panse a yon bagay konsa.

12 Men Bondye te gen yon fason la a ke Li te di Li ta pral jije tè a, pa pa legliz Katolik, pa pa legliz Pwotestan. Men Li pral jije mond lan pa Jezikri, e Jezi se Pawòl la, kifè men sa retounen nan Bib la ankò. Ou wè? L ap jije mond lan pa Bib la. E Bib la se Liv jijman Bondye a, ki se revelasyon konplè Jezikri a, ke pa gen anyen lòt ki ka ajoute oswa okenn bagay ki ka retire nan Li; pinisyon an poutèt ou fè l, se non w ki soti nan Liv Lavi a. Jis rete dwat nan Liv la, epi priye Bondye pou fè nou yon pati nan Sa.

13 Kounye a nou jwenn, yon siy, kisa yon siy ye? Yon siy se yon siy pou yon pri ki peye, siy lan se sa. Jis tankou ray tren nou yo ak liy bis nou yo, nou pran lajan nou epi n ale nan yon estasyon.

Kounye a, ou wè, liy otobis la pa gen otorizasyon, nan plas kote yo itilize siy yo, yo pa gen dwa pran lajan. Yo pa ka pran lajan, sa pran siy lan; ann di, avyon yo, ak tout rès la. Ou al nan yon sèten plas, kontwa pou achte a, epi w achte, ak lajan w, yon kantite tikè, tikè sa a ki nesese a. E tikè sa a se yon siy ke pri tikè w la te peye. Ou gen dwa abò bato a, abò avyon an, abò bis la, oswa kèlkeswa sa l ye a, toutotan w kenbe tikè a pou montre ke ou—ke vwayaj ou a te peye. Kounye a sonje sa. Pa bliye l.

<sup>14</sup> Ayo Izrayèl yo te touye a se te. . . se te egzijans Bondye. Jewova te egzije yon ayo ke yo te touye, yon ranplasan inosan. Jan nou te pase ladann nan semèn pase a la, ke Bondye, lè Li pran yon desizyon, Li pa janm chanje l. E Li te fè yon chimen, premye bagay Li ke L te fè lè lòm te tonbe, Li te dwe fè yon chimen pou l tounen, si L te janm vle rachte l, e Li te pran yon desizyon pou Li te sove lòm ak San Youn ki inosan. E Li fè menm bagay la pou tout tan. Li pa janm chanje l. Okenn kote Bondye p ap janm rankontre okenn adoratè, sèlman anba San an. Sa se sèl plas Li.

<sup>15</sup> Nou eseye fè L rankontre anba teyoloji nou an, anba denominasyon nou an, anba pwogram edikasyon nou yo. Gen kèk ki te bati gwo fò tou won epi kèk ki te bati vil, Babilòn ak—ak gwo fò tou won Babèl la, ak tout diferan kalite bagay. Men li toujou rete, Bondye sèlman rankontre vrè adoratè a anba San an. Li pa janm chanje l. Nou tout pa ka Metodis, nou tout pa ka Pannkotis, nou tout pa ka *sesi, sela*, oswa se *lòt bò*, nou p ap dakò. Men lè m vin jwenn yon nonm, ke l se yon prèt Katolik oswa kèlkeswa sa l ye a, lè li anba San sa nou se frè, m pa bezwen konnen kote l ye, toutotan li anba San sa.

<sup>16</sup> Kounye a, ayo Izrayèl yo te touye a se te egzijans Jewova, e san an se te siy ke djòb la te fèt. Sa Bondye te egzije pou redanmsyon an, pou yo te soti nan peyi Lejip, pou ale nan tè pwomès la, Li te egzije pou yo touye yon bèt. E bèt sa dwe genyen. . . San bèt ki mouri a dwe mete sou lento a ak sou pòt la, e sa te reprezante siy ke bagay ke Jewova te egzije a te egzekite. Ou wè? Bon, se pa ayo a ki te siy lan, se san an ki te siy lan. Bon, lavi a te soti nan sakrifis la, e alò san an se te siy lan. Lòd Li yo te egzekite. San an te reprezante tikè a, siy ke kwayan sa a te fè egzaktman sa egzijans lan te ye a. Se te siy lan. Dakò, lè n wè kwayan an, ap adore, te idantifye alò ak sakrifis li a. Ou wè?

<sup>17</sup> *Men kay la, e pou adoratè a, kisa ki te egzijans lan?* “Touye yon ayo. Sou katòzyèm jou apre yo te fin gade l, yon—yon mal ki san defo, tout Izrayèl va touye l, epi yo va pran san an ak izòp epi yo va mete l sou lento pòt la.”

<sup>18</sup> Epi, an pasan, izòp sa se te jis yon zèb òdinè. *Izòp* vle di “lafwa w.” Lè yon moun ap eseye gen lafwa sinatirèl, se pou rezon sa a ou rate gerizon ou. Lafwa se jis yon bagay òdinè. Ou gen lafwa pou vin legliz. Ou gen lafwa pou w soti deyò a. Ou gen lafwa pou demare machin ou. Ou gen lafwa pou manje dine w.

Se fason sa li ye, jis lafwa òdinè. Bon lè yo t ap aplike san an, yo te aplike l avèk izòp, ki se jis yon zèb òdinè ki pouse nenpòt kote nan Palestin, sa ki montre ke lafwa ke yo dwe aplike san an avè l la se pa yon bagay sansasyonèl ke pou w arive genyen l ou dwe gen tout kalite doktora. Se jis yon lafwa òdinè, yon lafwa chak jou, pou kwè Bondye. Ou wè? “Aplike san an,” pa lafwa, “ak izòp la.”

<sup>19</sup> Bon, adoratè a, lè sa a, ke yo te wè anba san sa a, te montre ke li te egzekite demann Jewova a, e yo te idantifye l. Siy lan te montre li te idantifye ak ayo imole ke Jewova te egzije a. Travay la te fèt. Ala yon tip pafè jodi a, de Kris ak kwayan an. Lè Siy lan montre kay kwayan an, alò Sa montre ke yo te aksepté l e ke travay la te fèt.

<sup>20</sup> Alò, san an te yon siy idantifikasyon, san an limenm. Bèt la te senyen, li te mouri, e san l te sou miray la. Bon, lavi bèt la, ki te nan san an. E lavi se nan san an, nou konnen sa. Bib la di sa, e lasyans pwouve sa, lavi se nan san an. Kifè se poutèt sa lè yo te touye bèt la, epi lavi a te brize sot nan bèt la, san an te dwe eleman chimik nan san an, pou reprezante siy lan. Paske, lavi ki te nan san an pat ka retounen sou kwayan an, paske se te lavi yon bèt.

<sup>21</sup> E lavi yon bèt ak lavi yon imen absoliman diferan. Pa gen anyen, anyen ladan l ditou. Si ou te pran, pran san yon bèt epi mete l nan ou, w ap mouri. Kifè ou wè, nou, se yon—se yon vi diferan ki nan san bèt la ak sa ki genyen nan san imen an, paske imen an gen yon nanm. Bèt la pa gen okenn nanm.

<sup>22</sup> E kounye a, se poutèt sa, san an limenm, konprann kounye a, kò chimik wouj la, eleman chimik nan san an, te dwe deyò a sou pòt la, kòm yon siy ke ayo a te mouri, kounye a, paske lavi ayo a pa t ka retounen sou adoratè imen an. Men jodi a . . . Se te sèlman yon tip.

<sup>23</sup> Jodi a se pa San chimik Seyè Jezi a, Ayo nou an, men se Lavi ki te nan San an, ki se Sentespri a. Li retounen e Li se Siy ke nou aksepté epi fè egzakteman sa Bondye te di nou fè. Epi, lè nou gen Siy lan, nou idantifye ak Sakrifis nou an. Pafètman. Mwen pa wè kijan sa te ka pi klè. Ou wè?

<sup>24</sup> Sèl fason nenpòt moun te ka di ke kay sa te fè pati de sa, tou, anba san an, se paske chimi san an te sou pòt yo. Yo te pase, Zanj lanmò a te dwe gade epi wè san an. Bon la, ankò, se te yon tip Sentespri a.

<sup>25</sup> Kounye a, ou wè, San literal Jezi a pat ka vin sou nou chak, paske Li te jis gen yon sèten kantite San nan kò L. E li te koule, sot nan kò L, tonbe sou tè a, de mil an de sa; men se pat sa ki ta pral sèvi kòm Siy. Lavi a, Lavi ki te nan San an, se sa ki Siy lan kounye a. Mwen pral pwouve nou sa, jis nan yon minit, pa Bib la. Se Siy ki gen pou vini sou nou chak la, pou montre ke nou idantifye ak Sakrifis nou an, e nou te egzekite demann Jewova a.

26 Pyè te di, nan Jou Pannkot la, “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche, e nou va resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se pou nou, ak pitit nou yo, e pou sa yo ki byen lwen, pou tout moun Seyè Bondye nou an va rele.” Ou wè, sa montre ke se pat jis pou yo. “Otan ke Seyè a va rele.”

27 Gen anpil ki panse yo aple. Men se tout sa “Seyè a” rele! “Sa yo ke Li te konnen davans, Li te rele yo; tout moun Li te rele, Li te jistifye yo; tout moun Li te jistifye, Li te glorifye yo,” bagay la deja regle.

28 Epi lè w pran yon moun ki pa kwè ke Sentespri a se pou jounen jodi a, gade kisa y ap fè? Y ap nye Siy lan ki se senbòl lan menm de oumenm k ap konekte ak Sakrifis ou a. Ou wè sa m vle di? Li trè senp si w jis gade li nan—nan fason ke Bondye te ekri l kounye a. San an fè nou travèse e nou te . . . montre senbòl Sentespri a—a, ki se Lavi a.

29 Kounye a, lavi bèt la pa t ka retounen nan imen an, paske yo pa t ap mache ansanm, lavi bèt la pa gen okenn nanm ladan l. Lavi imen an gen yon nanm. Bèt la pa konnen li toutouni. Li pa konn sa ki byen ak sa ki mal. Li, li jis . . . Li gen yon—yon espri, men pa yon nanm. Bon sonje, kounye a, nanm lan se nati lespri a, natirèlman.

30 Kounye a gade, men apre sa lè Lavi Sakrifis nou an, Jezikri, lè San Li te koule . . . Li te Bondye, ki te an fèm nan yon sèl Òm. La, apati de Jewova ke L te ye Li te desann, pou idantifye Tèt Li kòm yon èt imen, pou L pran Limenm fòm yon nonm, pou idantifye nou avèk Li. Li te Ayo Bondye a. Epi anndan Li, kote San an . . .

31 Kounye a mwen konnen yon moun va di: “Li te gen san Jwif.” Nou tande Jwif yo di sa. Li pat gen san Jwif, e nitou Li pa t gen san Moun lòt Nasyon yo. Li te San Bondye. Li pa t gen ni Jwif . . . Li pa t ni Jwif ni Moun lòt Nasyon yo. Li te Bondye. “Yon—yon—yon vyèj va vin ansent.”

32 Kounye a, mwen konnen anpil nan nou moun yo ak Pwotestan yo panse ke ze a te soti nan Mari. Epi emoglobin lan—lan ki vini an, lavi a vini nan selil san an. Paske, yon poul ka ponn yon ze, san l pa ak zwazo mal la, li p ap kale, paske li pa fètil. Lavi soti nan san an, ki soti nan sèks mal la. Men nan ka sa pat gen sèks mal, kifè, “lavi nan san an,” li te dwe soti nan Bondye sèl, e Li te kreye yon selil San nan vant Mari. Bondye Li menm, Kreyatè a Li menm, te kreye yon selil San. Kounye a gade. Yo di: “Ebyen, se te kò a. Mari te gen ze a.” Non, mesye. Li pa t founi ze a; okenn ze. Si se te yon ze, ou pa ka jwenn espèm lan san yon sansasyon. E si Li, manzè te gen yon sansasyon, kisa w fè Bondye ap fè?

33 Li te kreye toude ze a ak San an. Se egzakteman sa Li te ye. “Nou te manyen Bondye,” Bib la di. En Timote 3:16: “Mistè pyete a gran san diskisyon: Bondye te manifeste nan lachè. Nou

te manyen L ak men nou.” Kò sa se te Bondye. Sètènman, se te sa. Li te Bondye toupatou, nan fòm yon èt imen.

<sup>34</sup> Kounye a nou remake la a, ke selil San sa a lè li te brize, Bondye te soti ladan l. “Bondye te nan Kris, ap rekonsilye mond lan avèk Limenm.” Kote, pa gen lòt moun ki te ka fè l, pa gen anyen lòt ki te ka fèt; sa te pran San ki sen sa, Li menm. Bondye te dwe desann epi vin lòm, pou soufri Pwòp lwa Li. Si Jezi te jis yon pwofèt, yon nonm separe de Bondye, alò Bondye enjis.

<sup>35</sup> Si m te ka di: “Se pou Frè Grant mouri pou yon peche ke se Billy ta dwe mouri pou li,” oswa yon lòt bagay, kèk pinisyon, sa tap enjis. Si m te gen pwòp pitit gason m pou l mouri pou yon pinisyon ke m te pwononse, li toujou pa jis. Gen yon sèl jistis mwen ka fè, se pran plas li, si m vle sove l.

<sup>36</sup> E Bondye te dwe vin tounen chè, pou L te ka pran plas pechè a; Bondye manifeste nan lachè, anyen mwens ke Bondye Limenm. Kounye a, men Li te la, manifeste nan lachè, pou retire peche mond lan. E Li te idantifye Tèt Li nan nou, pou nou te ka idantifye nan Li. Ou wè bi li?

<sup>37</sup> Kounye a nou jwenn idantifikasyon nou ak Sakrifis nou an, Lavi Sakrifis la nan nou, ki se Sentespri a. Lè selil sa te brize, Bondye te soti ladan l, Bondye te soti, pou ke Li te sanktifye yon pèp ak Pwòp San Li epi mete Bondye nan lòm ankò. Bondye nan ou, Lavi Etènèl!

<sup>38</sup> E nenpòt save grèk konnen ke mo sa, Lavi Etènèl, ki soti nan mo Z-o-e, *Zoe*, ki vle di “Pwòp Lavi Bondye.” Se vre. Sèl fason ke ou janm ka gen Lavi, gen yon sèl fòm Lavi Etènèl, e se Pwòp Lavi Bondye nan ou. Ou wè? Alò ou gen Lavi Etènèl, paske Li se sèl Etènèl ki genyen. E nou se atribi panse Li, anvan menm te gen yon fondasyon mond lan oswa nenpòt bagay. Tout sa se jis panse L, e nou eksprime panse L yo osijè de sa l te ye.

<sup>39</sup> E Li te dwe desann pou L te retire peche. Pa gen lòt moun ki te ka fè l. Pa t gen okenn moun ki te diy pou fè l. Pa gen moun ki te ka fè l ke Li, e Li te fè l.

<sup>40</sup> Epi alò, lè lavi sa te libere sot nan kò sa, Nonm lan, ki te Pitit Bondye a (Pwisans kreyatif Li a te fè yon bilding, tankou nenpòt kontraktè, te bati bilding ke Li te antre ladann lan, Limenm, Bondye te fè sa.), epi lè sa a, lè vi sa te fin pran, San an, eleman chimik li a, te vide sou tè a, jis tankou pa Abèl *jis* la te vide sou tè a, men apati de San sa Sentespri Bondye a te vini, e Sa te voye bay lòm nan Jou Pannkot la, pou l idantifye ak Sakrifis ki te mouri pou yo a. Pa gen okenn lòt fason nan mond lan nou ka jwenn li. Yon Siy pozitif!

<sup>41</sup> Gade, si w te koupab lanmò, e ou te konnen ou ta pral nan chèz elektrik la, epi sonje, pou rejte. . .

42 Dallas, koute! Pou rejte San Jezikri, Siy San Li, si w wè Li epi w rejte Li, ou pral fè fas a Jijman an ak San Li sou men w. Pechè, manm legliz, sonje sa.

43 E si Lee Oswald te kapab, pandan kèk jou sa yo, ak swe sa devan Tribinal Siprèm sa ke li te dwe fè fas devan l lan; e l te konnen, lè l te touye Prezidan an, pa t ap menm gen yon sèl tikras mizerikòd, kijan nonm sa dwe te santi l! Sa dwe te nan yon bagay tèrib. Li pa t janm rive fè fas a sa, paske lòt kanmarad la te tire l. Menpanse pou chita la devan yon Tribinal Siprèm ki fache, avèk san pwochen w nan men w, Prezidan Etazini an! Sa pral yon bagay dou, pou nou menm moun ki pase byen vag bò San Jezikri, lè nou va kanpe devan tribinal Bondye yo. N ap swe anpil lè nou konnen. Tout sa Oswald te riske se te ke yo te fè l pati kite lavi sa, men Bondye fè w pati kite Prezans Li Etènèlman. L ap on bagay tèrib. Remake.

44 Si w ta dwe vin nan tribinal yo, poutèt ou koupab, ou tap chache pi bon avoka ou te ka jwenn. Nenpòt moun tap fè l.

45 E tout nonm ki fèt nan lemond, mwen pa bezwen konnen nan ki kalite bon fwaye li soti, li koupab de San Jezikri jiskaske li aksepte padon pou li. E sèl fason ke w konnen padon an kòrèk, se lè Siy lan vin sou ou, epi ou gen Siy lan.

46 Remake, ou koupab, e ou t ap chache pi bon avoka ke w te ka jwenn pou plede ka pa w la. E si m ta pral nan Jijman Bondye, mwen pa vle okenn prèt, mwen pa vle okenn moun; Mwen vle meyè avoka mwen ka jwenn pou plede ka pa m lan.

47 Kite m di sa, pou ou, zanmi Kreyen mwen. Avoka nou se jij nou tou, e jij nou—nou an te vin avoka nou. Ka a regle lè nou resevwa padon Li. Jij la Limenm te desann e L te vin avoka a, e avoka a ak jij la se menm Moun lan. Bondye vin lòm, pou Li te ka jistifye lòm ak Pwòp lanmò Li ke Li te mete sou li. Alelouya! Sa vle di: “Lwanj pou Bondye nou an!” Li merite tout lwanj. Jij nou an ak avoka nou an se menm Moun lan.

48 Sentespri a se Siy ke yo te padone nou. Ka a fèmen. Pou chak gason ak fanm ki vrèman resevwa batèm Sentespri a, yo te jije l, yo idantifye l ak avoka li, ak jij li, ak sakrifis li a, e Siy li kenbe nan posasyon li montre ke vwayaj li a peye pou Laglwa. Amèn. Tout bagay fini. Li gen Siy sa. Se pou li, batèm Sentespri a, ki se temwen rezirèksyon Jezi a. Amèn. Èske w kwè li? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Sa se idantifikasyon w, ou posede Siy lan.

49 Bon si w pa gen Siy sa, ou p ap antre. Ou dwe genyen Siy lan. Sa se pri ki egzije a, “Lè M va wè san an, san an se siy lan. Lè M va wè san an, M ap pase anlè ou.” Ou dwe gen Siy lan. Si w pa genyen l, enben, ou pa prale. Ou dwe gen Siy lan.

50 Si yo pa t fè siy lan parèt, yo pa t montre siy lan laba a, menm alyans lan pa t an vigè. Ou di: “Ebyen, kounye a, Frè Branham, kounye a tann jis yon minit.” Se egzakteman sa.

51 Siy lan te pi wo alyans lan. Paske Izrayèl te gen yon alyans pou yo sikonsi, e nenpòt Jwif te ka soti epi montre nenpòt moun, “Mwen ka pwouve nou ke mwen sikonsi, mwen se yon Jwif, mwen sikonsi dapre kòmandman Jewova a,” men poutan sa pat mete l deyò si siy lan pat la tou. Li dwe montre siy lan. Èske nou konprann sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Li . . . Siy lan dwe la, kanmenm. E si w nan alyans lan. . . Si yon Jwif ta di: “Mwen p ap mete okenn san sou pòt mwen, mwen ka pwouve ke mwen se yon Jwif alyans lan,” Zanj lanmò a te pran l. Kèlkeswa jan li te fidèl, nan ki pwen li te manm legliz, konbyen dim li te peye, kijan li te di li te kwè Jewova; Jewova te egzije siy sa.

52 E Li fè l jodi a, tou. Sa dwe fèt. Li dwe sa, “Paske pa gen yon lòt fason anba Syèl la, pa gen yon lòt non ki bay, okenn fason,” kèlkeswa jan li bon, jan li fidèl. Siy sa dwe la, epi ekspoze.

53 “San an,” ou di, “ebyen, mwen te touye ayo a e mwen mete l nan yon bokal. Mwen mete l deyè isi a.” Se pa sa Li te di. Li dwe sou lento a ak sou plas pòt la. Li dwe parèt.

54 E lavi w dwe montre Siy lan nan ou. O, nou menm Pannkotis yo, ki sa k pa bon avèk nou? Cheve koupe, figi pentire, mesye, blag sal ak bagay sa yo, kote ekspozisyon sa ke San Seyè Jezikri m lan se Siy Sentespri a? Noumenm, ki gen yon fòm pyete, e nou rele “sòsye” ak tout lòt bagay, zèv Bondye yo, “sòsye.” Kijan nou montre yon siy?

55 Yo di: “Mwen se Pann- . . .” Mwen pa bezwen konn sa w ye. “Mwen se Batis. Mwen se Pres- . . .” Mwen pa bezwen konn sa w ye. Siy sa dwe la. Bondye egzije Sa, e anyen lòt ke sa.

56 Ou di: “Ebyen, mwen gen yon doktora.” M pa bezwen konnen konbyen diplòm ou genyen. Bondye egzije Siy sa, e Sa sèlman. Se yon siy ke pasaj ou a peye. Li pa pral pran kalifikasyon w yo oswa yon lòt bagay. Li dwe gen Siy sa.

57 Chofè bis la di: “Men, tann yon minit, se pa tikè m lan sa.”

58 Aviyatè a di: “Ebyen, ale laba kounye a.” Yon tikè se yon siy. Ou soti la epi ou di pilòt la: “Men, mwen vle monte nan avyon w lan. Konbyen sa koute?”

“Antre al pran tikè w la.”

“O, m ap peye w.”

59 “Mwen pa ka pran l. Ou p ap monte nan avyon m lan jiskaske ou al peye pri a epi pran tikè a. M ap chache tikè a.”

Ou di: “Ebyen, m te al lekòl. Mwen te fè sa. Mwen . . .”

60 M pa bezwen konn sa w te fè, ou dwe gen Siy lan oswa ou p ap monte. Amèn epi amèn. Èske w pa ka wè l? Bondye egzije Siy sa. “Lè M va wè san an, e sèlman M ap pase anlè nou lè M wè siy lan.”

61 Si L pa t parèt, alyans lan pat menm an vigè. Yon Jwif te ka absoliman di epi pwouve tèt li se yon—se yon Jwif ki sikonsi, li



te ka pran frè yo deyò a epi di: “Gade la, mwen sikonsi.” Sa pat vle di anyen.

62 Ou di: “M se Metodis. M se Batis. M se Pannkotis. M se *sesi*. M se *sela*.” Sa pa vle di anyen.

63 Ou dwe gen Siy lan. E lè Siy lan vini, Li temwaye de Kris. Li te di Li t ap fèt. E Kris se Pawòl la. E kijan w ka nye ke Bib la vrè, yon pati nan Li, epi toujou di ou gen Siy lan, alòske Siy lan se temwayaj Jezikri? Ou wè, se sa m ap mande m.

64 “O,” ou di: “Mwen pa kwè, mwen kwè jou mirak yo. . .” O, atansyon, pa gen okenn Siy la a. Siy lan ponktye chak Pawòl ak yon “amèn,” tout bagay, paske se Bondye Limenm. Ou wè? Dakò.

65 Men si siy lan pat la, alyans lan pat an vigè. Li te anile. Menm bagay kounye a! Pe enpòt kijan—nan ki pwen ou di, nan ki pwen ou ta di: “Mwen kwè tout Pawòl nan Bib la,” di: “Frè Branham, mwen—mwen ka site mwatye Bib sa a, tout Bib la, pa kè. Mwen kwè chak pati nan Li.” Sa bon. Satan kwè, tou. En-en. Sa pran Siy lan!

66 “Ebyen, Frè Branham, mwen gen miray mwen ki ranpli ak diplòm. Mwen gen yon Lisans nan Lèt, e mwen gen yon doktora, ak yon doktora an dwa. an laten. Epi, o, mwen ekri liv. Mwen te fè sa. Mwen te fè tout bagay. Mwen—mwen te fè tout bagay sa yo.” M pa bezwen konnen. Tout sa kòrèk, men poutan ou dwe gen Siy lan. Siy lan, toujou Siy lan ki egzije!

67 Ou di: “M se yon etidyan Bib la. M se yon—m se yon bon moun. Mwen se *sesi*, *sela*.” Sa ka byen, tout sa bon, men poutan li dwe gen Siy lan!

68 Kounye a, lanmò te pare pou frape peyi Lejip a nenpòt ki lè, e se konsa lanmò prè pou frape nasyon an kounye a nenpòt kilè.

69 Anna Jeanne, mwen santi yon bagay tankou papa w, te fè yon remak yon fwa. M te toujou renmen sa. Li te di: “Ou konnen, nasyon sa, ak menm peche yo, si Bondye kite Amerik pase ak sa l ap fè a, Li pral oblije moralman resisite Sodòm ak Gomò epi mande yo padon, poutèt Li te boule yo.” E se vre.

70 Sonje, Izrayèl te peye pou chak peche li te fè, e se konsa nou va fè. Nan ki pwen n ap vin lach? Sere pwotèj la! Tounen vin jwenn Bondye, legliz! M pa di bagay sa yo pou m diferan. M ap di nou tankou yon avètisman. Ou kwè!

71 Lanmò te pare pou frape. Bondye te montre yo gras Li ak mizerikòd Li, atravè pwisans ak siy ak mèvèy (Li te fè sa konsa jodi a anvan Legliz la anlve), malgre sa yo pa t vle repanti epi kwè mesaj la.

72 Ou wè, te gen yon mesaj jis anvan anlèvman legliz la. Toujou dwe gen youn. Menm bagay kounye a. Chak evènman esprityèl se yon siy ki soti nan Bondye. Èske nou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Tankou Mesaj la, gen yon siy epi Mesaj

la swiv siy lan. Bondye te di Moyiz, Li di: “Si yo pa kwè vwa premye siy lan, petèt y ap kwè vwa dezyèm siy lan.”

<sup>73</sup> Kounye a, lè nou wè wè siy k ap fèt, epi pa gen mesaj dèyè l, se jis menm vye lekòl teyoloji a epi sa ap kontinye konsa, sa pat soti nan Bondye. Men kote gen yon siy ki montre, yon Mesaj swiv li. Kounye a gade. Jezi vini sou sèn lan. . .

<sup>74</sup> Èske m ap rann nou soud? Oswa nenpòt moun k ap okipe de mikwofòn sa isi a, sanble gen yon eko. Petèt li on tijan fò. Mwen vle nou sezi byen.

<sup>75</sup> Lè Jezi te vin sou sèn lan, Li pa t janm di moun yo anpil bagay, tout moun te vle L vin nan legliz li. “O, jenn Pwofèt sa a, nou jis tèlman kontan pou n genyen Li.” Li t ap geri malad yo. “O, glwa pou Bondye. Bondye leve yon gran Òm nan mitan nou.” Se te trè byen. Kifè yon jou sa rive nan yon pwen kote. . . Se te siy Li sa.

<sup>76</sup> Ezayi 35 te di se tap yon siy. “Enfim lan t ap sote tankou yon sèf,” e latriye, “avèg la t ap wè.” Se te yon siy.

<sup>77</sup> Li te montre siy Li antan ke Mesi, e latriye. Epi yo, anpil nan yo, te di: “Wi, m prè pou m aksepte sa.” Ebyen, bon, si se te yon siy, dwe gen yon vwa pou siy sa. Ki vwa ki te dèyè l? Lè Li kòmanse anseye doktrin Li epi rele yo yon pakèt sèpan nan zèb la. Li pa t popilè depi lè sa a, ou wè, lè vwa a te vini ak siy lan. Siy lan te ale an premye.

<sup>78</sup> Moyiz te desann nan peyi Lejip ak yon siy. Epi li te jete baton li atè, li te tounen yon sèpan. Sa se te yon siy. Men apre yon moman, vwa a vini ak siy lan. Alò se te diferan. Ou wè, yo pa vle sa. Vwa a—a, dwe, swiv yon siy. E nan okenn lòt moman li pa t ka janm vini ke tan sa a, paske se te tan pou Lèzekriti yo te akonpli. Gade sa Li te di l, nan touf bwa k ap boule a: “M te wè jemisman yo e M te tandè pèp Mwen an, e M te wè afliksyon yo pa mèt travay Lejip yo, e Mwen sonje pwomès Mwen ke M te fè Abraham lan.” Katsan lane te pase, e Li te di Abraham ke yo t ap laba a. Ou wè, pa gen okenn lòt lè sa te ka fèt. Moyiz te dwe vini jis nan moman sa.

<sup>79</sup> Gwo revèy Bondye a pafè. Li pa pral yon minit davans oswa yon minit an reta. Li pral jis egzaktman nan lè a. Ebyen, kifè, nou wè, tout bagay t ap mache jis byen, sa pa t ka vini nan lòt moman.

<sup>80</sup> Nitou bagay sa yo pa t ka rive nan lòt moman. Sa pat ka rive nan jou Luther yo. Li pat ka rive nan jou Wesley yo. Jou Batis yo oswa Metodis yo, nan jou pa yo, li pat ka rive. Li dwe rive kounye a. Izrayèl dwe yon nasyon. Legliz yo dwe jan yo ye kounye a. Te dwe gen yon twazyèm mesaj, yon twazyèm laj legliz. Te dwe gen yon Lawodise. Li pa t ka fòme jiskaske Pannkot te vini epi jwe kat yo, epi l te soti epi l te òganize, epi l te fè sa yo te fè. Alò li dwe vini, apre sa Seyè a vini, lè yo mete L deyò nan legliz la. Li se Pawòl la.

81 Yo pè defye Pawòl sa toupatou. Yo fè yon silans tèrib sou Li, men poutan yo pale anpil sou sa.

82 Chicago, isi a sa pa fè lontan, lè Seyè a te ban m yon vizyon. Te gen twasan minis devan m laba a. Mwen di: “Kounye a mwen konn sa nou . . .” konsènan semans sèpan an, e latriye, mwen di: “youn nan nou pran Bib ou epi vin kanpe bò kote m epi demanti li.” Se gwoup ki pi an silans ou te janm tandè. Mwen di: “Alò wete kò nou sou do m.” Ou wè, li andeyò lekòl panse yo.

83 Poutan, yo di: “Frè Branham se yon pwofèt lè li wen, men lè onksyon an pa sou li, o, m pa konnen.” Ala yon . . . Si sa se pa yon siy yon—yon—yon—yon teyolojiyen ki mele! Menm lan . . .

84 Mo *pwofèt* la vle di “yon revelatè Diven Pawòl la.” Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt yo. Se konsa Jezi te idantifye. Epi yo te di apre rezirèksyon an, yo te di: “Nou konnen Li te yon pwofèt Bondye,” ou wè, “okenn moun pa t ka fè bagay sa yo sòf si Bondye avèk li,” epi yo te refize aksepte mesaj Li a. Yo te refize aksepte Jan, e li te yon pwofèt. Yo te refize aksepte Eli, okenn nan rès yo, e yo te gen revelasyon Diven an.

85 Mo a, mo angle a, *pwofèt*, mo angle yo ka vle di nenpòt bagay, li vle di “yon predikatè.” Men lè w di *pwofèt*, nan ansyen Bib la, sa vle di “yon wwayan.” E kalifikasyon li yo se te, ke, sa l te di te rive fèt, e se te yon siy ke li te yon pwofèt; li menm tou se te siy ke li te gen revelasyon Diven Pawòl ekri a. Epi lè Bondye te konfime li, nan sipòte li, se te prèv la.

86 Kouman? Ebyen, li jis dwe fason sa, se tou. Pa gen okenn mwayen pou echape l. Bondye te di li t ap konsa, epi men ni. Men men l la jodi a, ou wè, Siy sa dwe la, ki idantifye Pawòl sa e ki rann li egzakteman vre. Alò kijan Li te pwomèt pou, kijan Li te prepare tout moun nan pèp latè pwomès Li a, kounye a, lè Li ta pral gen egzòd sa a, ki te yon tip.

87 Kounye a mwen pral eseye fini nan apeprè yon lòt ken, ven minit, ak Mesaj la. Remake byen kounye a, mwen vle nou konprann sa, paske mwen ka pa janm wè nou ankò, ou wè.

Remake, kounye a gade kijan Li te prepare pèp Li a.

88 Konbyen moun ki konnen ke Li pa janm chanje fason L yo? Li pa janm fè sa. [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Li se . . . kounye a gade nan Bib la pou wè si Li te janm chanje l. Non, mesye.

89 Kijan Li te prepare moun yo? Premyèman, Li te voye yon pwofèt ak yon siy, ki te Moyiz. Èske se vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] E siy lan te gen yon mesaj, yon mesaj pou “pare,” yo ta pral soti al nan peyi ki te pwomèt la. Apre sa Li te gen idantifikasyon, pou pwofèt sa, ke yon Limyè te anlè tèt li. Yon Kolòn Dife te swiv pwofèt sa, nou konn sa, Li te travèse dezè a avèk Moyiz. Nou konn sa. Epi Li te ba yo yon siy kòm asirans

ke yo pa t ap gen pou yo pè, tout boulvèsè epi sou nè; kote Li te di: “Lè m va wè siy sa, M ap pase anlè tèt nou.”

<sup>90</sup> Gade kijan Li te fè kounye a. Li te prepare yon siy dabò, yon mesaj, yon mesaj idantifye, idantifikasyon mesaj a, ak yon siy kòm asirans ke pasaj la te peye. Men yo ki pran direksyon wout tè pwomès la.

<sup>91</sup> Menm bagay Li te fè jodi a! Kisa L te fè? Li te voye Sentespri a pou nou. Sentespri a se Mesaje a, e idantifikasyon Tèt Li selon Lekriti idantifye Li nan mitan nou, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E Siy lan se asirans lan. De kisa nou pè? Pri tikè nou an deja peye e nou idantifye ak Sakrifis nou an. Li pa ka rejte nou. Li te pwomèt sa. Nou idantifye.

<sup>92</sup> Izrayèl k ap soti kite Lejip, jan m te di a, se tankou Lepouz la—la k ap soti nan legliz la. Lè Moyiz komanse ministè li, tout Izrayèl te rasanble ansanm nan Gochenn, pou lapriyè ak adorasyon, egzakteman, yo te soti nan tout pati nan Lejip la. Se fason sa a Lepouz pral fè, l ap soti nan tout Inità yo, Binitè, Trinitè ak tout lòt kalite yo. Li pral soti. Li dwe fè l. Kounye a nou li isi a nan Ebre a . . . Nou kounye a, premye bagay nou dwe panse a, yo soti nan tout rejyon: “Yo soti nan mitan enkredilite.” Bon Sentespri a te pwomèt pou L rele sa nan dènye jou yo: “Soti nan mitan enkwayan yo.” Remake.

<sup>93</sup> Nou wè nan Ebre 10:26, mwen te ekri l isi a: li di sa: “Si nou peche ak fèm volonte nou apre nou fin resevwa konesans Laverite, pa gen okenn sakrifis ankò pou peche,” ou wè, si nou pa kwè ak fèm volonte nou.

<sup>94</sup> Kounye a si nou remake, kisa m ka di la, si nou vle akòde m yon moman jout m bay ilustrasyon sa. M ka santi nan Lespri a, ke sa pat sezi kòrèkteman. Ou wè? Remake.

<sup>95</sup> Men Ebre, yo sou wout yo pou soti. Bondye te chwazi douz mesye, oswa Moyiz te chwazi, ak men Bondye, pou ale lòt bò a epi eksplòre peyi a; epi retounen, pote tounen yon siy peyi a. E lè yo te rive la, dis ladan yo te pè amò. “Ebyen,” yo te di, “Amalesit sa yo ki laba a, nou sanble ak krikèt devan yo.” Jozye ak Kalèb retounen, yo pote prèv la: “Nou ka fè l!”

<sup>96</sup> Ou wè, sa se kwayan fwontalye yo. Yo te vini atravè diferan eleman sa yo, e atravè legliz, epi rante nan legliz, ak batèm ak fòm. Men lè sa rive drèt pou travèsè pou pran Siy lan, prèv ke Tè a la, Lavi sa a . . . Jezikri pa mouri. Se yon lòt dimansyon. L ap viv ladan l. Li avèk nou, Li nan nou kounye a. Lè li rive sou sa, “ah,” yo pa t ka kwè sa. Sa te twòp, ou wè. Epi yo te retounen, e yo, yo tout, te mouri nan dezè a, youn nan yo pa travèsè. Epi, ou wè, si nou pa kwè, nou menm Metodis, Batis, Presbiteryen!

<sup>97</sup> Mwen espere ke ansyen pwofesè m lan chita la jodi a. Doktè Roy E. Davis, anpil nan nou konnen l, isi a menm nan Fort Worth, li petèt chita isi a. Mwen sonje nou te diskite sou bagay sa yo,

anpil, anpil ane de sa. Li te batize m nan lafwa, yon legliz Batis Misyone.

<sup>98</sup> Epi gade, isi a, kounye a, si nou . . . si—si nou rive jouk nan fwontyè peyi sa, pou di: “Ebyen alò, glwa pou Bondye, m te pale an lang, aelouya!” Se pa sa. Si w ka di, pa kwè youn nan Pawòl sa, gen yon bagay ki pa bon ak eksperyans ou a. Ou wè?

<sup>99</sup> Ou rive drèt jouk nan Peyi a epi ou wè li la. Ou wè ke Jezi te resisite. Li nan mitan nou. Ou tande Pawòl la ki swiv mesaj la, epi ou toujou pa kwè Li, ou konnen kisa k rive? Alò yo te mouri drèt nan dezè a. “Si nou peche ak fèm volonte nou apre nou fin resevwa konesans Laverite, pa gen okenn sakrifis ankò ki rete pou peche.” Se sa Liv Ebre a di nou.

<sup>100</sup> E kounye a gade, pandan nou wè gwo siy pou tan lafen yo sou tè a, ke Li te pwomèt, kouman sa ap avèti nou pi plis ke tan an toupre. Sispann pa kwè. Vini ansanm. Nou ta dwe renmen youn lòt epi kwè, epi separe tèt nou ak mond lan.

<sup>101</sup> Remake, yo pa t dwe vin sèlman rasanble ansanm pou pale de mesaj la. Yo te dwe antre ladan l, antre anba san an. Pa vin di: “Ou konnen, Moyiz te di nou, mesaje a, li te di, li te di nou ke nou ta dwe gen san. Kisa nou panse de sa, ti mesye?” Se pat sa. Fè yo touye ayo a, epi fè mete san an anwo la!

<sup>102</sup> Nou ka vini epi chita epi dakò ak Pawòl la, ak tout lòt bagay, men si nou pa gen Siy sa, ki byen sa fè nou? Okenn byen. Mete kò nou anba Li. Li pa t responsab pou okenn moun ki pa anba san sa. E Li pa responsab pou okenn moun, jodi a, ki pa anba Siy lan.

<sup>103</sup> Tout fanmi an, yo te sèlman an sekirite lè yo te anba siy lan, e siy lan te byen vizib. Fanmi an ann antye! Èske nou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Jodi a nou ta dwe sonje sa, moun yo. Pitit nou yo!

<sup>104</sup> E adolesan sa yo ak tenten sa yo ak wòkennwòl sa a, ak bagay sa yo k ap pase alantou nou yo, ak tout Beatles ak ensèk sa yo isi a, e èske nou konnen ke tout reprezante isi a nan Liv la, nan Bib la? Li di sa nan Apokalips. Sètènman, li fè sa. Kijan moun yo, yo, y ap—y ap . . . yo, yo, ou wè, yo, yo pa . . . Yo mouri. Yo pa ka leve. Yo pa t janm Etènèl. Yo pa t menm nan Panse a, kifè yo pral peri. Yo pral fini pou tout tan, detwi totalman. Yo pral pini pou dè syèk e dè syèk, pou sa yo te fè, men tout bagay ki te gen yon kòmansman gen yon fen.

<sup>105</sup> Se sa ki pa gen okenn kòmansman, ki pa gen fen. Gen yon sèl fòm Lavi Etènèl. Yon fòm Lavi Etènèl, nou fè gwo jefò pou nou genyen l. Remake.

<sup>106</sup> Jozye, chapit 2 Jozye a, pwostitye Moun lòt Nasyon yo ki te kwè a te tande, ak fanmi li, epi yo te mennen yo anba fil kramwazi a, ki te yon siy nan men mesaje Jozye yo. Zanj destriktè Bondye a te onore siy sa, e sa sèlman, nan vil sa. Te gen egzijans

Bondye, pa sèvitè L yo, ke Bondye te egzije siy sa a, e se te sèl la. M pa bezwen konnen si se te majistra vil la, si se te nonm ki pi sen nan vil la, si yo te ale nan pi gwo legliz nan vil la, tout bagay nan vil la te tonbe eksepte kay sa. Bondye, pou kont Li, te onore siy sa.

<sup>107</sup> Remake, Jeriko te tandè ke Bondye t ap fè gwo bagay, men yo pa t fè atansyon ak avètisman an.

<sup>108</sup> Se konsa moun yo jodi a ap tandè sa Bondye t ap fè pandan kèk dènye ane yo, men yo p ap fè atansyon a sa. Gwo pwisans gras sa a ak siy yo, jan Li te pwomèt la: “Menm jan l te ye nan epòk Sodòm, se konsa sa va ye.” Kijan Li te pwomèt bagay sa a t ap fèt! Gade sa k te pase nan Sodòm. Sonje, te gen siy Sodòm lan. Men mesaje a, nan Malachi 4, se pou “fè kè moun yo tounen bay zansèt yo, papa pannkotis yo, retounen nan Bib la.” Pa ka gen plis nan Bib la ankò, yon lòt bagay. Sa se revelasyon Bondye a ann antye.

<sup>109</sup> Epi yon moun di: “Ebyen, mwen kwè pati *sa a*, mwen pa konn pou Sa a.”

<sup>110</sup> Vrè mesaje Bondye a mennen w tounen nan Bagay la ann antye! Ou wè? Remake, se sa Sentespri a fè, fè nou retounen nan chak Pawòl Bondye a.

<sup>111</sup> Li te fin montre gras Li, jijman Li te vin apre. Yo dwe kwè ke yo te an sekirite nan gwo gwo bilding denominasyonèl yo yo te gen laba nan Jeriko, men yo jwenn ke sa pat mache.

<sup>112</sup> Te dwe gen kèk nan . . . petèt ki te antre la kèk fason, te gen kèk frè ki te antre la, e yo te di pou rasanble tout semans predestine yo ansanm. E li te gen . . . e li te itilize kay li pou yon legliz, e li te resevwa mesaje yo; e apre sa l te mete tout moun nan vil li a, ki te vle kwè, anba siy lan.

<sup>113</sup> Yon sèl fanm nan tout gwo ekonomi sa a! Yon sèl ti fanm, e li te gen move repitasyon, petèt li te ekskominye nan tout legliz nan vil la, men li te kwè mesaje sa. Epi mesaje sa te kite siy lan, endikasyon an, e Bondye te onore siy lan. Se konsa li ye jodi a. Jis sonje, lè destriktè kolè Bondye a te pase, gwo sistèm sa te tonbe, siy lan te kenbe kay li an sekirite. Se pa paske li te yon bon fanm; paske li te gen lafwa e li te aplike siy lan.

<sup>114</sup> Kounye a e si l te di: “Wi, sa yo te mesye de byen, se sèten mwen te pran plezi nan mesaj yo te bay la, men, onètman, sa sanble on jan ridikil pou gen kòd sa pandye deyò fenèt mwen an, m ap jis rale l antre?” Li tap tonbe. Li tap tonbe. Bondye te sèlman onore siy lan, menm jan ak siy lavi nan peyi Lejip.

<sup>115</sup> Jozye te yon tip Jezi, paske *Jozye* vle di “Jewova-sovè.” Li te yon tip Jezi, li te fidèl a siy endikasyon mesaje li a te preche a. Jozye te rete fidèl a siy endikasyon sa a. Tout sa ki te anba l te sove, nan peyi Lejip. Tout sa ki te anba l te sove, nan Jeriko.

116 San Ayo a se yon tip Siy lan jodi a, Sentespri a ki se Siy jodi a. Tout sa k anba Li an sekirite. Tout sa k pa anba Li pa an sekirite. Nan Ebre 13:10 ak 20, yo rele L “alyans etènèl la.” Ansyen alyans lan se te yon bagay, sa se Nouvo a, sa se “alyans etènèl la.”

117 Bondye, pwomès ki mare ak San Bondye a, fè nou lib anba peche ak lawont, epi n diferan ak rèss mond lan. Nou pa bezwen abiye yon fason diferan; nenpòt moun ka abiye diferan. Se sou anndan an, nou dwe diferan. Lavi a se sou anndan an; se pa abiye, mete rad. “Wayòm Bondye a se pa manje ak bwason, oswa mete rad; men se gen san sipòtan an, bonte, jantiyès, pasyans, nan Sentespri a.”

118 Kounye a, pwomès yo rann lib anba peche, montre ke Bondye pa—pa rekonèt peche w. David te di: “Benediksyon pou nonm ke Bondye p ap mande l kont pou peche l.” E Bondye p ap janm mande kont pou peche sou Siy sa, paske Siy lan se siy ki peye ke Bondye deja resevwa l. Epi ou te gen siy lan pou li, pri- . . .lafwa w te achte l. E ou gen pri acha redanmsyon w lan nan kò w, pou adore L epi montre pwomès ak pwisans Li.

119 *Nouvo Testaman* an vle di “nouvo alyans.” *San* an vle di “Lavi.” *Nouvo Testaman* an se testaman Sentespri a, Sentespri a k ap bay temwayaj de sa Jezikri te leve soti vivan nan lanmò a, te montre Jezi te satisfè tout egzijans pou nou, e Li vivan jodi a. Siy lan pwouve ke Li vivan pou idantifye Tèt Li avèk nou, dapre pwomès Li. Kounye a ki jan yon nonm ka li Bib la epi wè ke Li te pwomèt li, epi wè Kris retounen nan dènye jou sa yo nan fòm Sentespri a epi idantifye Tèt Li vivan? Sa se Siy lan. Sa se endikasyon an. Se pri a ki peye a.

120 Pa janm depann de kèk sansasyon. “Mwen te santi frison kouri sou do m. Epi—epi mwen—mwen te pran sant yon bagay; m te wè kèk san nan men m,” oswa kèk lwil. Oswa—oswa, “Mwen te genyen Diplòm Lisans mwen an.” Oswa, “Mwen te danse nan Lespri a. Mwen te rele byen fò. Mwen te pale an lang.” Bagay sa yo te ka kòrèk. Mwen pa gen anyen kont yo, men se pa de sa m ap pale.

121 M ap pale de idantifikasyon Siy lan, Jezikri, ki resisite epi L nan nou kounye a, k ap idantifye tèt Li, pou rekonfime Pawòl Li ki te pwomèt pou jou sa a. Amèn. Alò oumenm ak Kris nou fè youn. Bondye ak Kris se youn. “Jou sa, nou va konnen ke Mwen nan Papa a, Papa a nan Mwen; Mwen nan ou, e ou nan Mwen.” Men Bondye ki manifeste nan lachè imen, ap montre Tèt Li vivan, apre de mil an. Sa se Siy lan.

122 Si w pa anndan, antre byen vit, zanmi. Li te ka twò ta pou tout tan. Nou pa konnen.

123 Montre Prezans Li, *Nouvo Testaman*, *San* an. E Li vivan kounye a, ap fè konfimasyon. E paske se sa Li ye, nou gen dwa a tout sa Li te achte pou nou. Yon nonm ki gen batèm Sentespri a, oswa yon fanm ki gen batèm Sentespri a, gen dwa a tout bagay

ke Jezi te achte pou nou, paske se siy ke nou genyen an. Sa se pouvwa acha a.

124 Ann di pa egzanp ou di: “Ebyen, Frè Branham, kisa w vle di?”

125 Men ni, pou fè sa klè kounye a, e mwen vle nou menm moun malad yo konprann sa. Gade, si m t ap mouri grangou, e m konnen yon pen, ann di, koute vennsenk kòb, epi yon frè vini la a epi l di, “Men yon vennsenk kòb, Frè Branham. W ap mouri grangou; pran vennsenk kòb sa.” Kounye a, ou konnen, mwen ka jis kontan otan ak vennsenk kòb sa nan men m ke m ka ye ak pen an nan men m, paske mwen gen pri acha a. Mwen gen siy ki bay pen an. Epi drèt la se pen an; e sèl bagay la, m ap kenbe siy lan, vennsenk kòb ki achte pen an, mwen ka jis kontan otan ak siy lan ke mwen ka ye ak pen an.

126 Kounye a, si w gen batèm Sentespri a, sa se Siy ke ou gen tout bagay redanmtè ke Jezi te mouri pou li a, se pou ou, li nan men w. Èske w pè reklame li?

127 Si m mete l nan pòch mwen, epi m di: “Ebyen, m pa konnen si m ka achte pen sa ou non,” Mwen pral mouri grangou. Men sonje, machann lan di: “Mwen gen yon sèl egzijans, Mesye Branham. Yon vennsenk kòb, ou ka gen pen an.” Mwen genyen l! Amèn. Sa regle l.

128 Se pou rezon sa a nou pa wè tèlman anpil bagay k ap fèt jodi a, Siy lan pa afiche, vrè Siy lan. O, nou gen tout kalite fo, men mwen vle di vrè Siy lan.

129 Gade, alò lè nou reyalize epi prezante Siy lan, Lavi ki te bay pou Siy lan, San an pale pou nou. Sonje, yo te rekonèt San alyans lan ak Siy lan, e Pawòl la asire nou pwomès la. Siy lan se siy ke acha a fèt pou nou.

130 Kounye a, si w pa enkli nan sa, ebyen, natirèlman, ou p ap janm jwenn anyen; ou jis ap mache nan liy lapriyè a, ap retounen; ap mache al sou lotèl la, epi gade anlè, mache tounen.

131 Men, o, frè, lè yo plase Siy sa yon fwa nan kè ou—ou, e ou konnen se rezirèksyon Jezikri nan ou, yon bagay ap rive. Pa gen anyen ki pral vire w tounen. Ou konn kote pou w ye. Obeyisans konplè a tout Pawòl Bondye a ba w dwa pou gen Siy lan, e anyen lòt. “Benediksyon pou sila ki obsève tout Komandman L yo, li gen dwa a Pyebwa Lavi a.”

132 Alò, lè nou priye, nou dwe gen Siy lan pou prezante ak priyè nou yo. Kounye a pa manke sezi sa. Lè w priye, ou dwe gen Siy lan pou kenbe sou priyè w la; si w pa genyen L, kontinye priye jouk Siy lan vini, paske yo pa pwomèt ou pou resevwa li. Ou wè, ou dwe gen Siy sa dabò; sa se pri k ap peye a, lafwa w pou kwè li.

133 Kounye a, siy obeyisans konplè. Laperèz ale. Pòl di nou ke, “San an pale pi bon bagay.”



Ou di: “San an pale?” Wi, San an pale.

<sup>134</sup> Nan Jenèz 4:10, nou jwenn ke Bondye te di ke—ke pa Kayen an. . . oswa, “san Abèl la te pale sot nan tè a.” Nou jwenn nan Ebre 12, ke, “San alyans Kris la pale pi bon bagay pase sa Abèl la.” Ou wè? Nou jwenn, San an pale, Li pale nan non w. Lavi ki nan ou a pale apati de San ki koule a. Amèn. O, frè! Mwen swete ke tout moun te ka wè sa. Ou wè? Si w ka wè sa l ye, se Lavi ki nan ou. Ou wè, San sa ap idantifye w avèk Li. Se Siy lan. La. . . Kisa l ye, San an te koule pou ou; ou aksepte, e Lavi a antre nan ou. Ou gen Siy lan, sa se Sentespri a.

<sup>135</sup> Alò lè nou priye, nou dwe gen Siy lan pou prezante ak priyè nou yo, jan m te di a, e kounye a ann kwè pou tèt pa nou epi aplike Siy lan pou tout fanmi an, tankou nan peyi Lejip, Jeriko, oswa swa nan Ak 16:31. Nou jwenn ke Pòl te di ofisye Women an, di: “Kwè, e tout fanmi w va sove.” Aplike Li pou fanmi w. Si w gen yon timoun ki pa sove, mete Siy lan drèt sou tèt li, di: “Seyè Bondye, mwen reklame l.” Rete drèt la. Si w gen yon manman oswa yon byenneme ki pèdi, mete Siy sa sou yo, di: “Seyè Bondye, mwen reklame sa.”

<sup>136</sup> Soti deyò, nan kay ou, tout fatra mond lan, prepare w pou Li. Boule bout pantalon w yo. Jete tab kat ou yo. Debarase w de sigarèt ou yo. Jete enkredilite w ak papye legliz ou yo nan poubèl la, kote pou yo ye a. Amèn. Alò w ap prepare w. Apre sa kisa pou fè? Apre sa aplike Siy lan nan lapriyè, ak vrè prèv, vrè lafwa. Aplike Li, aplike Li ak konfyans. Lè w aplike Siy lan, konnen ke ou netwaye. “Si kè nou pa kondane nou, alò nou gen demann nou an.”

<sup>137</sup> Toutotan nou menm moun yo n ap fè bagay sa yo ki pa bon, kijan nou pral mande Bondye pou L fè nenpòt bagay pou nou lè nou konnen nou gen tò? Se pou rezon sa a nou jis ap titibe pou n avanse epi titibe pou n fè bak. M p ap di sa pou m blese. M ap di sa pou m drese, pou m mete bagay yo annòd. Kijan nou pral fè pou n bati sou sann yon Sodòm ak Gomò? Retounen!

<sup>138</sup> Asosyasyon yo ak minis yo kite moun yo fè nenpòt bagay, epi chape, epi jis mete non yo nan yon liv epi rele yo *sesi*, *sela*, ak se *lòt bò*, alòske se yon wont. E sa vin si tèlman nan yon pwen ke lafwa se yon bagay ki pa menm. . . se menm trè ra pou konnen kisa menm li ye. Yo, yo gen yon lespwa, men pa lafwa.

<sup>139</sup> Ou dwe retounen, nan, tout bagay pase nan peny fen epi pwòp. Apre sa pran Siy ou an, ke ou konnen ke se Jezikri ki nan ou, alò aplike Li. Si pa gen yon bagay ki rive, gen yon bagay ki pa bon; retounen ankò, ou gen move bagay la nan men w. Li te pwomèt li. Li te Sila ki te pwomèt li. Aplike Li. Li Efezyen 2:12, yon lè, si ou—si ou vle, epi ou va wè la a.

<sup>140</sup> Remake nan Ebre 9:11, tou. Pòl di: “N ap sèvi Bondye vivan an, ak orak vivan yo.” Se pa pou di senpleman tankou m te pati tankou yon Ebre te konn abitye fè, ki te pran sakrifis li, epi li te

pati sou wout la, ak yon gwo towo bèf byen gra, epi li poze men l sou li pou l idantifye tèt li avè l, li te vèse san an, epi li te retounen jistifye. Jewova te egzije sa. Li te fè l. Alò jenerasyon kap vini an, petèt yo te vin yon ti kras pi frèt; yon lòt moun, te vin on ti kras pi frèt. Premye bagay ou konnen, li vin yon tradisyon fanmi.

<sup>141</sup> Se sa lapannkot te vin tounen pou nou, yon tradisyon fanmi. Nou la a, n ap di: “Èske emisyon televizyon sa pat bon anpil aswè a? M ap mande m kisa yo te fè nan legliz la? Seyè Jezi, geri . . .” O, mizerikòd! Ou wè? Se yon fanmi ki nan tradi- . . . “Nou konnen, mwen te pale an lang lòt jou a. Mwen fè pati de *sesi*, oswa *sela*, nou konnen. En-en.” O, se yon tradisyon fanmi!

<sup>142</sup> Ou konn sa Bondye te di? Bondye te di: “Grès nou yo ak belye nou yo santi nan nen M. Se vre, sakrifis nou yo vin tounen yon move sant.”

<sup>143</sup> E se menm bagay tou pou sakrifis Pannkotis yo, ak tout grimas ak simagri denominasyon nou yo, epi fanm ak gason nou yo k ap konpòte yo fason yo fè l la, yon fòm pyete; yo anbale nan mizik la, epi yon moun sote monte desann pandan yon ti moman; epi sa fini la a, tankou yon bokit dlo yo jete sou li, si Pawòl Bondye a rive vini epi Li di yon bagay. Kisa k pwoblèm lan? Sakrifis nou yo kòmanse santi devan Jewova.

<sup>144</sup> E se te nan moman sa ke Ezayi te vin sou sèn lan, epi li te di yo: “M ap ba nou yon siy ki p ap janm fini, yon vyèj va vin ansent.” Ou wè, men ni. Pa fòm ak kredo ki mouri, non; men orak ki vivan, yon Bondye vivan ki leve soti vivan nan lanmò, e ki vivan nan mitan nou.

<sup>145</sup> Kèk nan yo, legliz sa yo konsa, ki kwè bagay sa yo, yo nye ke gen yon bagay tankou Siy lan. Ebyen, yon kanmarad te eseye di m: “Se douz apot yo sèlman ki te resevwa Sentespri a. Se tout sa ki te genyen. Wi.” O!

<sup>146</sup> Men noumenm ki kwè Pawòl la, nou konnen l on fason diferan, nou konnen ke sa se Prezans vivan an. Paske kijan nou fè konnen se Prezans vivan Kris la, Lespri ki nan mitan nou an? Li fè menm bagay Li fè a. Se prèv li sa. Yo konnen yon pye rezen pa fwi li pote. E alò si lè premye pye rezen sa a vini epi yo te ekri yon Liv Ak dèyè l, e menm bagay ke Jezi te fè a, apot yo te fè; alò lè pye rezen sa a vin monte ankò, li fè menm bagay la. Ou wè, Ebre 13:8 di Li se menm lan, o la la, pwouve ke Bondye te resisite L pou nou, dapre Pawòl Li te pwomèt la. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

<sup>147</sup> Yon so pwomès la! Efezyen 4:30 di: “Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, ke nou sele avè L jouk jou redanmsyon nou an.” Pa jouk pwochen revèy la. “Jouk jou redanmsyon w lan!” Batize nan Li, dapre En Korentyen 12. E nan Li se plenitid la, e yo pa rekonèt okenn peche nan Li. “Sila ki ne de Bondye pa komèt peche. Semans Bondye a rete nan li, e li pa ka peche.” Kijan li kapab, lè Siy lan la? Siy lan se siy ke yo te aksepté l.

148 Epi, ebyen, ou di: “Mwen peche.” Ebyen, alò ou pa t janm gen Siy lan. Ou wè?

149 Siy lan se baryè a, ki montre ke pri a peye. Si Satan ap eseye pase w li. . . Jis panse a sa. Si Satan eseye pase w kèk maladi, oswa eseye pase w yon bagay, ou konnen ki sa pou w fè? Montre l Siy ou an. Sèten, maladi frape Kreyen an. Montre l Siy ou an, epi pwouve l ke ou se yon pwodwi Bondye ke L te achte. “Reziste dyab la, e l ap kouri pou ou.” Kenbe Siy lan sou lafwa w ki pa ka deplase nan Pawòl pwomès Li a.

150 Yon fwa Bondye te bay yon lakansyèl kòm siy. M pral fini. Li te bay yon lakansyèl kòm siy. M gen jis pou apeprè di minit, epi m ap fè yon liy pou lapriyè. Li te toujou rete fidèl a siy sa. Eske Li te fè l? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Li fè sa ankò. Tout milye ane sa yo, Li pa janm yon fwa, yon sèl fwa, echwe pou montre li. Li te fidèl a siy sa, montre nou ke Li te toujou. . . . Li p ap janm manke onore siy Li yo. M pa bezwen konnen si se. . .

151 Si Jezi pa vini pandan di mil an, ou gen Siy lan, Li dwe toujou onore Li. Kèlkeswa kantite bagay ki chanje, e kèlkeswa kisa ankò, Li dwe onore Siy sa. Li te di Li t ap fè l. Dakò. L ap tann kounye a pou nou montre Siy Li an, sou lafwa nou ke Bondye ba nou an, pou chak kilt enkwayan nan nasyon an ak nan mond lan, ki kwè ke siy ak mèvèy pa swiv kwayan yo. E rete fidèl a Siy sa a, e Li montre ke pri tikè a te peye e yo te aksepte nou pou rezirèksyon an, kòm nou gen Lavi Siy lan anndan nou.

152 Sa se yon Mesaj tranchan, men se Laverite. Se sa nou bezwen, se Laverite. Bondye ede nou konnen Laverite. “Nou va konnen Laverite, e Laverite va rann nou lib.” Mwen deklare ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Mwen kwè ke Bondye bay Sentespri a kòm yon Siy, kounye a menm, jis anvan egzòd la, de—de Lepouz la ki soti nan legliz la.

153 Mwen kwè gen tèlman anpil tentennad, ak moun ki di yo te rele, yo te pale an lang. mwen kwè nan bagay sa yo; men ou pa ka konte sou sa. Kijan w ka konte sou sa, epi renye Pawòl la? Ou wè?

154 Siy lan se Pawòl la ki idantifye nan ou, k ap eksprime tèt Li. Sa se Bondye ki se Pwòp entèprèt Li. Ou pa bezwen di: “Ebyen, kounye a, entèprete lang mwen.” Se pa sa. Li entèprete lavi w pa Pawòl la. Lè Li pran pawòl ou, sa w ye a, epi idantifye Pawòl Li atravè sa, sa pa bezwen okenn entèpretasyon, li deja la. Bondye fè Pwòp entèpretasyon Li, e nou te gen pwomès sa yo pou jou a.

155 O, Dallas, noumenm bèl gwoup Kreyen, pa kite bagay sa pote n ale jodi a, ke nou wè k ap vire la a, paske li pral peri. Prezante Siy sa tout tan, montre Siy sa. Li Bib la. Pran tout bagay. E si lespri ke w genyen nan ou pa di “amèn” pou Sa, alò pito w ta retounen, chanje sa w genyen an, pou Siy lan; ou pa genyen Li.

156 Mwen konnen ke se yon pakèt bagay k ap di isi a nan yon apremidi. E se kounye a menm li katrè edmi. Li lè kounye a, e si nou ka soti a senkè ak liy lapriyè a.

157 Èske nou kwè ke Jezikri ap viv epi reye jodi a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Èske nou kwè ke sa m te di nou an se Laverite? [“Amèn.”] Se Siy lan, egzijans lan. Mwen sèlman ka pale sa ki Verite. Mwen sèlman pale sa mwen wè, sa mwen tandè, sa ki revele ban mwen. E poukisa m di sa, nan plizyè dizèn de milye fwa milye fwa, pa yon sèl fwa li janm manke pou l vre, bon sa dwe Bondye. Sa dwe Bondye. Ebyen, èske Bondye t ap bay yon ministè konsa bay yon moun ki pa t konnen de kisa y ap pale? [“Non.”] Èske Li t ap idantifye Tèt Li kòm vwayan sa la, epi apre sa vire tounen epi ba li yon Pawòl ki melanje? [“Non.”] Nèg ki nye Li, se sila ki melanje a. E Bondye pa melanje. Bondye se Pwòp entèprèt Li.

158 Resevwa Siy lan! Pa repoze w sou lefèt ke w fè w manm yon legliz ni yon fòm, ni anyen. Jwenn Siy lan! Kenbe L. Se sèl bagay ke Bondye va rekonèt. Lè w rive nan lè sa, lè lè lanmò w rive, pito ou kenbe Siy sa pou kouvri ou; lè m konnen ke nan jou vini Li an, rezirèksyon sa, mwen ka prezante Siy sa. Se p ap nan kò sa a, li pouri; men nan Lespri sa, ki pa ka mouri, se Lavi Etènèl, Siy la repoze la. E Li te pwomèt: “M ap resisite l ankò nan dènye jou a.”

159 Menm Jezikri sa isi a. Li se Mesaje a. Li se . . . *Men* Mesaj la, e Li se Mesaje a isi a pou idantifye Mesaj Li a. Mwen pa Mesaje a. Li se Mesaje a, e *Sa* se Mesaj la. E si w gen yon lespri ki pa dakò ak *Sa*, ki jan li ka Mesaje Mesaj la? Se sèlman Siy lan ki pral idantifye Li. Amèn.

160 Mwen santi m relijye. Mwen vrèman santi l. Mwen santi tankou mwen te ka vole ale kounye a menm, paske mwen konnen nan Kiyès mwen kwè, e m te wè lavi m idantifye avèk Li nan rezirèksyon Li. Prezans Li isi a. Akseptè Li, zanmi, tanpri fè sa, nan fon kè nou.

161 Mwen konnen nou tout vini bò lotèl la epi priye. Sa se yon ansyen lide Metodis. Yo pa t janm fè sa nan Bib la. Bib la di: “Otan moun ki te kwè te batize.” Se vre. Pa gen bagay konsa tankou yon apèl a lotèl nan Bib la. Sa se yon bagay nou te ajoute, se trè byen. Nenpòt bagay Bondye beni, se trè byen.

162 Pa egzanzp yo wenn moso twal. Pat janm gen yon bagay konsa nan Bib la. “Yo te pran mouchwa ak tabliye ki te touche kò Pòl.”

163 Men nenpòt fason ou vle fè l, se kòrèk, sou chèz ou, sou lotèl la, kèlkeswa kote l ye. Sèl bagay la, aplike Sa, yon Siy pou ou. Apre sa egzamine tèt ou, epi gade ki kalite lavi k ap pase, wè si Li te aplike oswa non. Si Li pa aplike, alò mete kèlkeswa sa w genyen an, sou kote, epi retounen, jouk Siy lan aplike.

164 Annou priye. Papa ki nan Syèl la, petèt mwen—mwen—mwen te pale rapid anpil, men, Seyè, ki jan yon klou pral kenbe si

ou pa byen sere l? Mwen priye, Papa, ke l ap byen sere nan kè moun yo, ke yo va wè ke se pa yon bagay ki biza. Se pa ke m ap eseye idantifye kèk òganizasyon, kèk klan, kèk kilt, kèk moun, oswa tèt mwen, oswa nenpòt lòt moun. Se Jezikri. “M ap mete tout òganizasyon sa yo nan menm panye,” yo se sis ak yon demi douzèn, dapre Pawòl Ou. “Vye manman pwostitye,” Bib la nan Apokalips 17, “se te manman chak nan pwostitye yo.” E yo pa t ka nonm. Yo te pwostitye, e yo tout te antre nan kabann mondanite a. E nou wè sa fèt, Pannkotis yo ak tout.

<sup>165</sup> Men, Jezi, Ou toujou rete Jezi. Ke yo pa koute yon mesaj yon legliz; men Mesaj Kris la, Pawòl la. Ke Ou idantifye Tèt Ou, Seyè, jodi a, ak kwayan yo. Geri tout malad yo. Padonnen peche nou yo, Seyè. Mwen—mwen priye, antan ke sèvitè pa W, tanpri padonnen peche m yo, epi padonnen peche moun sa yo. Mwen gen konfyans, Seyè. Yo chak pa gen dout te ede nan ofrann, pou peye pou bilding yo—yo, epi yo te depanse lajan yo, e yo te—yo te—yo te fè tout bagay, Seyè. O Bondye, mwen priye ke p ap gen youn nan yo ki rate l, Seyè. Pèmèt se chak moun!

<sup>166</sup> Mwen—mwen fè sa ak senserite, e poutan, Seyè, Ou dwe sevè. Nou konnen, korije se lanmou. Lanmou korektif. E mwen priye. Paske se pou rezon sa a ke Ou te korije pèp Ou a, se te paske Ou te renmen yo, e dwe gen repons ki bay pou chak peche.

<sup>167</sup> Epi, Papa, mwen priye ke Ou va padonnen peche nou yo kounye a, pandan nou konfese yo. Nou te ale byen lwen, Seyè. Mwen idantifye ak moun Pannkotis sa yo, Seyè. Mwen—mwen se youn nan yo. E mwen—mwen priye, Bondye, ke W va padonnen nou tout. Epi pran kèk nan lidè sa yo epi fè yo vire tounen, epi—epi kite yo gade nan direksyon Kalvè a la a yon fwa, epi lè sa yo va bliye sa yo dwe ye, yon presbitè oswa yon evèk, oswa kèlkeswa sa l ta ka ye a, epi konnen ke nou pa gwo moun nan Wayòm sa. Nou tout se pitif Bondye. Mwen priye ke W va ede nou kounye a. Idantifye Tèt Ou nan mitan nou, jodi a. Nou mande l nan Non Jezikri. Amèn.

<sup>168</sup> Kounye a jis anvan nou kòmanse liy lapriye a, te ka gen yon moun isit la ki pa t janm isit la anvan. M pa konn kimoun ou ye, men Bondye konnen w. Si m te di Laverite, kite Bondye idantifye l, ke l se Laverite ou pa, se prèv li sa. Si Li te resisite soti nan lanmò, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li di nan Jan 14:12: “Sila ki kwè,” pa sila ki pran pòz kwè. “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou.” Èske se vre?

<sup>169</sup> Yon moun te di: “Nou va fè pi gran.” Se vre. Li di: “Ebyen, nou preche Levanjil la, sa pi gran.”

<sup>170</sup> Jis fè bagay Li te fè yo, sa va pwouve m sa, ou wè, alò nou va pale de pi gran an. Mwen ka montre nou pi gwo bagay L ap fè kounye a ke L te fè lè L te sou tè a, e sa se pa jis preche Levanjil la, non plis; sa se nan siy ak mirak. Pa gen tan pou sa. Jis kwè. E ke Bondye nan Syèl la, Ki te resisite Jezikri soti nan lanmò, e

ki te prezante L isi a vivan, ban nou, apre de mil an, idantifye Mesaj sa, ke Li kòrèk. Siy lan dwe aplike.

171 Kounye a, nou menm ki gen maladi ak pwoblèm, priye, jis di ak senserite, “Seyè, mwen kwè ke Ou se ‘yon Gran Prèt ke yo ka touche pa santiman enfimite nou yo.’ E minis sa a te di nou isit la, ke Ou avèk nou, prezan, alò mwen vle Ou prezan avèk nou epi idantifye Tèt Ou.” Kounye a priye, nou chak.

172 Kounye a se Bondye ki pou di yon bagay. Ala yon moman! O la la! Mwen swete w te ka jis konnen yon bagay, kijan w santi w lè Sa vini, lemond antye pou ou. Amèn. Okenn dyab p ap fè anyen, li se yon èt ki te bat. Seyè m lan prezan. Tout nan men nou. Amèn.

Tanpri rete byen trankil. Pa mache. Chita trankil.

173 Noumenm nan chèz woulant yo, ak bagay konsa, pa panse nou pa ka fè anyen. Kwè. Ou—ou, ou te pase nan liy lapriyè a, epi sa te echwe epi echwe. Se pat minis la ki te priye pou ou, ki te echwe. Se lafwa w, e ou te kòmanse panse ou pa pral fè anyen. Ou kwè.

174 Men, men Limyè sa isi a, sou yon ti dam nwa ki chita dèyè isi a, li kanpe ak men l anlè *konsa*. Wi. Ou t ap priye. Wi. Ou kwè m se pwofèt Li, oswa sèvitè Li? Mwen pa dwe di sa, paske sa sitèlman fè moun bite. Ou gen yon bon . . .

175 Men yon nonm blan, yon fanm nwa, jis tankou se te Seyè nou an ak fanm nan pi a, de ras diferan. Li fè yo konnen pa gen okenn diferans nan ras. Koulè nou yo pa gen anyen pou wè avè l. Nou tout se . . . Nou te ka bay youn lòt yon transfizyon san. Bondye te fè, ak yon sèl san, tout nasyon yo.

176 Ou gen tèt fè mal, kokennchenn tèt fè mal. Apre sa ou gen yon fado sou kè w, se pou timoun sa. E ou . . . Li oprime. [Sè a di: “Amèn.”—Editè a.] Se egzaktaman sa. Èske se vre? [“Amèn.”] Se vre.

177 Dam sa a ki chita bò kote w la, li sanble l idantifye avè w, ki se manman w. [Sè a di: “Amèn.”—Editè a.] Se vre. [“Lwanj pou Bondye!”] E li gen yon bagay ki pa bon avè l.

178 Ou kwè m, madam? [Manman an di: “Amèn.”—Editè a.] Ou kwè? Pwoblèm ou se yon fè mal nan bò kòt ou. Se vre. Se bò kòt dwat ou ki fè mal. Èske se vre? Leve men w, si se vre. Sa p ap deranje w ankò. Ou kwè si Bondye ka di m kimoun ou ye? Madam Lowell. [“Amèn.”] Kòrèk. [“Amèn.”] Dakò, kontinye wout ou, Seyè Jezi a ba ou demann ou an.

179 Drèt la nan bout la a gen yon lòt ti dam nwa ki chita, k ap gade, ki jis—jis tankou pou rache l an miyèt moso. L ap gade m dwat. Li kwè li. Sa, èske nou pa wè Bagay sa drèt la bò kote l? L ap soufri ak pwoblèm ren. Se vre. Tout bagay fini kounye a; Li geri w. Amèn.

180 Poukisa nou pa kwè? “Si ou ka kwè, tout bagay posib.” Èske nou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Men . . . Gade moun nwa yo! Ki kote lafwa nou ye, blan yo?

181 Men yon dam nwa ki chita isi a menm, ap gade m dwat, yon jan de gwo dam. Li gen pwoblèm ak jenou li. Li gen yon lòt pwoblèm tou, li gen pwoblèm kè. Wi. E li gen feblès, palpitasyon ak bagay konsa, espesyalman lè w ap eseye kouche, w ap toufe. Ou wè? Sa te rive yè swa. Sonje, mwen p ap li panse ou, men mwen konnen sou kisa ou te priye. Ou te vle pou yo rele w pou sa, jodi a, e Li reponn ou. Kounye a ou ka apèn leve kanpe tou, paske ou gen atrit. Se vre. Epi, yon lòt bagay, ou gen yon pwoblèm nan lestomak, ki se yon timè anndan lestomak la. Sa se vre. Kounye a èske ou kwè m se pwofèt Li? M ap di l, kanmenm. Kwè, e ou va geri.

182 E pwoblèm lestomak ou a? Èske w kwè ke Bondye pral geri pwoblèm lestomak ou a, tou, oumenm ki chita la? Èske w kwè sa? Dakò, alò ou ka gen gerizon w pou lestomak ou a. Amèn.

183 Ou vle kite fimen, la, madam? Ou kwè Bondye pral fè w kite fimen? Sa fè lontan w t ap eseye. Ou gen pwoblèm nan lestomak ou, tou; ou t ap eseye kite sigarèt. Se sa k ap fè lestomak ou gen pwoblèm. Èske w ap lage yo? Mwen debarase w de yo, nan Non Jezikri, poutèt lafwa w pou touche L.

Mwen ba nou defi pou kwè Bondye!

184 Men yon ti madanm ki chita la ap priye pou li . . . yon byenneme nan lopital la, k ap mouri, ak kansè. Se vre. Se yon tonton. Se vre. Ou se swa . . . Ou se madanm yon minis. Ou kwè ak tout kè w, mesye a pral geri.

185 Mwen ba w defi pou kwè Bondye! Kisa sa ye? Idantifikasyon Jezikri. Ou di: “Kisa Kris ye?”

186 Li se Pawòl la. “Nan kòmansman an se te Pawòl la, Pawòl la te avèk Bondye. E Pawòl la te fè L chè e Li te abite nan mitan nou.” “Pawòl la pi file pase yon epe de bò, Li disène panse ak entansyon kè a.” Èske nou pa ka wè Pawòl la vini nan mitan nou nan dènye jou yo? Se Sentespri k ap pran Pawòl Bondye a epi k ap idantifye Jezikri, ki se Siy lan. Amèn. Èske nou kwè? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

187 Konbyen ki gen kat pou lapriyè? Se pou tout sa k sou bò *sa a* ki gen kat pou lapriyè, kanpe nan liy sa bò *isi a*. Jis kanpe, tout ki sou bò sa, jis bò sa kanpe al isi a nan ale a. Non, jis sou ale adwat la, tanpri, drèt la. Ouvriye legliz yo, ale nan plas nou. Apre lè yo fin pase, se pou lòt yo leve kanpe, apre yo fin pase, apre sa nan lòt sans ak lòt bò a. Kounye a se pou tout moun gen respè.

188 Sentespri a te pran kontwòl reyinyon an, alò te gen ase ki te di epi k te fèt pou pwouve. Konbyen ki kwè Li isi a? Konbyen ki kwè ke se Siy lan? Konbyen ki kwè se Pawòl la? [Kongregasyon an kòmanse ap rejwi—Editè a.] Gade, konbyen ki konnen ke Liv

Ebre yo di, ke, “Pawòl Bondye a disène panse ki nan kè a”? Konbyen ki konn sa? Konbyen ki konnen ke se rezon sa a Jezi te ka disène panse yo nan kè yo, paske Li te Pawòl la? Konbyen ki kwè sa? Konbyen ki kwè ke se sa ki te ak pwofèt yo? Yo te moun Pawòl la vin jwenn. Kounye a si Pawòl la retounen vin jwenn nou, èske Li p ap fè menm bagay la? Alò ki jan Pawòl ki idantifye Pawòl la, ka fo pa Pawòl la? O, mizèrikòd! Respè!

<sup>189</sup> Ey, dam sa a ki chita isi a, li gen yon bagay sou kè l, tou. Mwen te jis rive vire tounen epi m sezi l. Èske w pa Madam Grant? Mwen pa t janm konnen sa. Men ou se Madam Grant, paske mwen wè ou avèk li. Ou gen yon nèvozite k ap deranje w. Ou genyen, pitit gason w lan gen yon lòt bagay . . . san li, tankou, ap koule. Mwen bay nou defi pou kwè sa! Amèn. Li se Mèt sitiyasyon an. Li se Mèt lanmò a.

Ann lapriyè.

<sup>190</sup> Seyè Jezi, pandan Prezans Ou ap wenn nou, isi a nan bilding sa a, e nou konsyan sa se Sentespri a, Mwen priye, Seyè, ke Ou va geri tout moun ki mete mouchwa sa yo.

<sup>191</sup> Yon fwa, yo anseye nou nan Bib la, ke pèp Ou a, drèt nan liy devwa a, t ap travèse Lamè Wouj la, epi lanmè a te bare wout yo, sou wout yo pou al nan peyi pwomès la. Bondye te gade anba atravè Kolòn Dife sa, ak kolè, e lanmè a te vin pè, li te deplase fè bak, e Izrayèl te kontinye ale nan peyi pwomès la, drèt nan liy devwa a.

<sup>192</sup> O Seyè Bondye, se pou je W gade atravè San Jezikri, anba nan Sij sa isi a ke n ap kenbe sou mouchwa sa yo jodi a. E ke tout moun ki mete sa sou yo, ke maladi a vin pè, ke l fè bak epi kite pèp Ou a travèse al nan pwomès bon sante a. “Priyè lafwa va sove malad la.” Nan Non Jezikri, se pou l konsa. Amèn.

<sup>193</sup> Konbyen predikatè Metodis ki kwè ki isi a, predikatè Batis, predikatè Presbiteryen, Predikatè Batis, Literyen, oswa Pannkotis? Konbyen nan nou ki kwè Sa se Laverite? Vin isi a epi kanpe bò kote m pandan n ap priye pou malad yo alò. Vini bò isit la, nou tout predikatè ki kwè.

<sup>194</sup> Se kòrèk, pa vre? Frè Grant, sa kòrèk? [Frè Grant di: “Sèten.”—Editè a.] En-en.

<sup>195</sup> Desann isi a, frè. Frè Grant gen yon ministè pou priye pou malad yo. Yon nonm vanyan, yon nonm de byen, yon nonm ke Bondye tandè epi reponn priyè pou li, Frè Grant. Mwen kontan mete bra m nan kou l jodi a epi di sa, epi frè m. Kounye a li pral anba la ap priye avè m.

<sup>196</sup> Lè w pase nan liy sa a, jis tankou w t ap vini anba kwa a. Frè yo, fè yon liy doub drèt isi a, drèt isi a. Fè yon liy doub; kèk anwo isi a, kèk anba la.

<sup>197</sup> Frè Roy Borders, kote w ye? Frè Roy Borders, mwen te panse li te isi a. [Yon moun di: “L ap retounen touswit.”—Editè a.]



198 Gade isi a, minis yo, èske nou vle! Gade la. Sa fè m santi m byen, frè yo. Minis kwa a, mesye ki kanpe isi a pou idantifye tèt yo ak Mesaj la. Kisa k ka rive?

199 Kounye a, gade, pa mete l sou minis yo kounye a. Yo vin idantifye tèt yo. Lè w pase isit la, idanti- . . . kenbe Siy lan devan w: “Seyè Jezi, mwen konfese peche m yo. An retou, Ou ban mwen batèm Sentespri a. Mwen se yon pwodwi ki rachte. Peche, maladi oswa anyen pa ka kenbe m apati kounye a. M ap avanse dwat.” Kenbe sa, o, devan w, epi pase isit la, e Bondye va geri w epi ou va sot isi a ak rejwisans, kontan, epi ou va vin byen. Èske nou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

200 Kounye a chak moun anndan isi a, ann koube tèt nou, frè yo, pandan nou ansanm. Nou pa konn sa k pral rive. Nou jis pa konnen. Pa gen okenn rezon pou okenn moun malad kite bilding sa apremidi a. Kenbe Siy sa nan kè w, pase drèt nan liy priyè sa, kote minis yo, ki te konsakre lavi yo pou—pou sèvis la, pral kanpe isi a, ap poze men sou ou pandan w ap pase.

Ou di: “Poukisa w te fè sa, Frè Branham?”

201 Mwen vle nou, tout moun, konnen ke jis . . . Mwen pa gerisè a. Mesye sa yo gen jis otan dwa pou priye pou malad yo tankou nenpòt lòt moun. Franchman, mwen kwè Bondye t ap reponn priyè yo anvan Li ta fè l pou pa m yo. Mwen fatige epi bouke, ak tout bagay. Mwen—mwen kwè ke Li t ap reponn priyè yo. E men yo kanpe drèt nan mitan l, pou idantifye tèt yo, yo pa wont pran plas yo. Mwen apresye nonm konsa.

202 Kounye a, frè yo, mwen konnen santiman nou. Mwen se, mwen fè youn avèk nou. Mwen se sila ki mèle filè m lan ak pa nou, isi a nan Texas, pou eseye atrap chak grenn nan pwason sa yo ke Bondye te òdone pou Lavi, laba a. M ap fè pi byen ke m kapab vre. Mwen avèk nou, san pousan. Pafwa mwen reprimande epi m rele konsènan òganizasyon ak bagay. Sa pa vle di mwen kont ou, frè m. Mwen vle di mwen kont sistèm lan ki ta separe nou pou n pa frè, poutèt kèk doktrin relijye. Nou se frè pa batèm Sentespri a. Nou kenbe menm Siy lan. Nou resevwa menm San an, kifè ann kwè sa. Nou ka rankontre La a (èske nou pa kapab?), frè yo, nou chak anba San an.

203 Kounye a, mwen te òdone yon Batis. Petèt ou se yon Metodis, oswa Literyen, oswa Prebysteryen, Pannkotis, Initè, Binitè, Trinitè, oswa kèlkeswa sa w genyen, Legliz de Dye, kèlkeswa sa l ye a. Sa pa fè okenn diferans. Nou pa ka dakò sou ti bagay sa yo, ann bliye sa alò.

204 Yon bagay nou ka dakò sou li, ke Jezikri Sovè nou an te mouri pou peche nou yo, te resisite epi ban nou Siy lan. Nou kanpe isi a ak priyè nou yo, pou kenbe sou tèt frè ak sè malad sa yo ki pase nan liy sa a. Mwen pral kwè sa ak tout kè m.

205 Mwen te wè yon bagay k ap rive la menm. Amèn. Mwen konnen nou panse m fou, men m santi m byen nan foli mwen

an. Mwen jis espere ke mwen ka rete fason sa. Wi, mesye. Mwen jis santi m mèveye fason sa.

Ann lapriyè.

<sup>206</sup> Seyè Jezi, m ap mache desann sot sou lestrad sa, anba la, pou m idantifye tèt mwen ak frè sa yo. M ap idantifye tèt mwen avè yo, pandan nou tout ap kenbe Siy nou yo nan men nou, ak nan kè nou. Pandan nou obeyi kòmandman Ou, “pou poze men sou malad yo, e yo va geri.” Ke chak moun k ap pase isit la, prezante Siy yo, ke yo te resevwa Sentespri a, ke yo se yon pitit Bondye ki ne de nouvo, ke yo kwè sa ak tout kè yo. E pandan y ap pase, ke yo modi maladi sa ak afliksyon kò yo. E ke yo sot isi a ap rejwi, nan konnen ke lafwa yo te geri yo.

<sup>207</sup> Epi, Seyè Bondye, jan nou te poze, Ansyen Testaman an, men nou sou sakrifis la, pou idantifye tèt nou ak sakrifis la, nou poze men nou sou Jezi epi idantifye tèt nou avèk Li. Li te poze men L sou nou kounye a nan ministè a, ap idantifye Tèt Li avèk nou, pa siy ak mèvèy. E n ap poze men nou sou malad yo, pou idantifye tèt nou avèk yo, ak lafwa nou ki konekte avè yo. Maladi dwe ale, e ke li fè l nan Non Jezikri, pandan n ap mache desann isi a pou n resevwa l.

Ke tout kongregasyon an priye.

<sup>208</sup> Roy oswa yon moun vin isi a epi kanpe bò mikwo sa, epi kenbe liy yo dwat.

<sup>209</sup> Gade, pandan w ap pase isit la kounye a, vin kwè, vin priye. Nou jis pral poze men sou malad yo. Pase drèt la. Priye. Lè w ap pase nan liy minis sa yo, si w ap mache sou beki, poze yo atè epi mache al fè wout ou. Si w te gen kansè, maladi, di: “Doktè a te fè tout sa l ka fè, li te fè tout sa l te kapab, e li te di m ap gen pou m mouri. Mwen pa pral mouri. Men Siy mwen an, Seyè. Ou te pwomèt mwen swasann dis. M ap pase drèt la, ap fè l.” Ou wè, fè sa. Èske w ap fè l? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Nan Non Jezi, se pou l konsa. Amèn.

<sup>210</sup> Dakò, kite liy lan defile. [Frè Branham ak minis yo priye pou malad yo, pandan yon frè ap dirije kongregasyon an nan chante *Kwè Selman* ak lòt chante. Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

Mwen kwè!

Tout dout mwen yo antere nan Fontèn lan.

<sup>211</sup> Èske nou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Amèn. O, èske Li pa mèveye? [“Amèn.”] Kèk nan yo te sou sivyè ak branka sa yo, yo te leve dwat epi yo t al fè wout yo; jis te kite yo lonje la, epi yo te mache ale. O, se tout moun ki te ka geri kounye a, ki va kwè sa. Èske nou kwè? [“Amèn.”]

<sup>212</sup> Ann ban nou akò a, *Mwen Renmen L*, èske w vle, sè; ansyen chan an: “Mwen renmen L, mwen renmen L paske . . .”? Annou tout jis leve vwa nou, ak men nou, kè nou, bay Bondye, epi chante:

“Mwen renmen L, Mwen renmen L, paske Li te renmen m an premye.” Tout moun kounye a.

Mwen renmen L, mwen renmen L  
 Paske Li te renmen m an premye  
 E Li te rachte sali mwen  
 Sou Kal- . . .

<sup>213</sup> Yon dam, leve soti nan chèz woulant lan, ap mache travèse la ak sipò de mesye. “Mwen . . .” Annou ajite men nou bay Bondye, “Mwen renmen L!”

Mwen renmen L  
 Paske Li te renmen m an premye  
 E Li te rachte sali mwen  
 Sou Kalvè . . .

Ann jis louwe L kounye a, tout moun!

<sup>214</sup> Glwa pou Bondye! Ala nou remèsye W, Seyè Jezi, pou bonte Ou, Prezans Ou. O, nou di W mèsì pou Siy lan, Seyè. Nou sove e nou ranpli ak Lespri, Sentespri a k ap devèsè fò nan kò nou kounye a. Ala nou remèsye W pou sa, Papa! O, nan Non Jezi nou di W mèsì. Amèn. Amèn.

<sup>215</sup> Tout moun bay lanmen, di: “Lwanj pou Seyè a!” Youn bay lòt lanmen, di, “Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Seyè a!” (. . .? . . .) Dakò, kounye a, tout ansanm ankò:

Mwen renmen L,  
 Men yo anlè, kè yo anlè.  
 Mwen . . .

Jis eksprime sa ak kè nou.

Paske Li te renmen m an premye (Èske w pral lage?)  
 E Li te rachte sali mwen  
 Sou pyebwa Kalvè a.

<sup>216</sup> Kounye a ann bese tèt nou vrèman ak respè, antan m ap remèt sèvis la kounye a bay Frè Grant pou l lage; m ap remèsye nou chak. Premyèman, mwen remèsye Seyè a pou bonte Li, mizerikòd Li, ak asirans ke mwen espere ke nou kite nan kè nou, ke nou pa isit la poukont nou. Gran Kapitèn an Chèf nou an nan mitan nou. Kri Wa a nan kan an. E nou remèsye Seyè a, poutèt nou wè gran pwisans Li ak gran mizerikòd Li. E kounye a annou bese tèt nou ak respè. Frè Grant. 

64-0308 Siy Lan  
Tanp Soul's Harbor  
Dallas, Tegzas Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papeyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)